**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİM BERİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

# KURS JUMISI

**Or?nlag’an:** **Bekbergenov I**

**Qab?llag’an:** **Nizamatdinov J**

**N O’ K İ S - 2014**

Tema` Yedige da’stani’nda obrazlar du’zimi

Mazmuni’

Kirisi7……………………………………………………………………….

I-Bap. **Xatam-Tay da’stani’ni’n’ syujeti ha’m janrli’q wo’zgesheligi**

…………………………………………………………………………

II Bap. **Xatam-Tay da’stani’ni’n’ obrazlar dunyasi’ ha’m ko’rkemlik wo’zgesheligi**

……………………….

Ju7ma3la7…………………………………………………

Paydalan2an 1debiyatlar ……………………………………………

# Kirisi7

Qaraqalpaq xalqi’ uzaq waqi’tlar dawami’nda turmi’sti’n’ do’retpeleri, sol xali’qti’n’ wo’zinshelik belgilerin, wolardi’n’ u’rp-a’det da’stu’rleri sol da’wirdegi turmi’sli’q jag’daylari’nan derek berip turadi’. Ha’r bir xali’qti’n’ awi’zeki do’retpeleri bolg’an da’stanlar, qi’ssalar, yertekler, naqi’l-maqallar, jumbaqlar, qosi’qlar, ayti’slar, ani’z-a’n’gimeler ha’m tag’i’ basqa do’retpeleri sol xali’qlardi’n’ uli’wmali’q belgilerin wo’z ishine aladi’. Sonli’qtan da, xali’q awi’zeki do’retpeleri menen jazba a’debiy shi’g’armalari’ bolg’an ko’rkem a’debiy miyraslar ha’r bir xali’qti’n’ jasaw sharayati’nan,woni’n’ kelip shi’gi’w dereklerinen ha’m tag’i’ basqa tari’yxi’y waqi’yalardan derek beredi. Xali’q ta’repinen do’regen a’debiy mi’yraslar,ko’rkem shi’g’armalar wolardi’n’ sol jasap ati’rg’an da’wirinen derek berip turadi’ ha’m sol turmi’sli’q waqi’yalar tiykari’nda payda boladi’. Usi’nday ko’rinisler menen a’debiy shi’g’armalarda,xali’q awi’zeki do’retpelerinde xali’qlar dosli’g’i’, qon’si’ xali’qlar menen qari’m-qatnasi’n wolardi’n’ u’rp-a’det da’stu’rlerinin’ uqsasli’qlari’ kelip shi’g’i’w tari’yxi’ni’n’ bir-birine jaqi’nli’g’i’nan derek beredi.

Xali’q do’retpesi degen tu’sinik a’debiyati’mi’zda “folklor”degen ilimiy termin menen ju’rgiziledi.Demek,bul tu’siniktin’ wo’zi sol xali’qtin’ wo’zine ta’n belgisin bildirip turadi’.

Qaraqalpaq xalqi’ wo’zinin’ folкlorli’q miyraslari’na iye. A’sirese xali’q da’stanlari’nan ashi’qli’q, turmi’sli’з, tari’yxi’y ha’m qaharmanli’q da’stanlari’mi’z bun’n’ ayqi’n da’lili. Bul folкlorli’з do’retpelerdin’ ishinde ashi’qli’q da’stanlar ayri’qsha кo’zge tu’sedi.Bunday bahali’ miyraslar xali’qti’n’ кelesheк a’wladlari’na

armanlari'n, u'rp a'detlerin, jasa7 jag'daylari'n, jasag'an wortali'qlari'n, turmi'sli'q ta'jiriybelerin xali'q tilinde atadan-balag'a wo'tкerip, usi' bizin' кu'nimizge sheкem qa'sterlep jetкeredi.

Xali'q da'stanlari'n bu'gingi кu'nge jetкiziwshiler –bular ji'raw baqsi'lar sanaladi'. Wolar bir neshe wonlag'an a'sirliк xali'3 do'retpelerin bir qansha wo'zgerisler menen bolsa da usi' кu'nge jetкerip, ha'zirgi waqi'tta wolar xali'q awzi'nan jazi'p ali'ni'p, xalqi'mi'zdi'n' folкlorli'q g'a'ziynesin bayi'ti'p, ruwxi'y miyrasi'mi'zdi' кen'eytpeкte.

Da'stan tu'sinigi folкlorli'q shi'g'armalarda «bayan etiw» yamasa «ji'rlaw» degendi an'latadi'.

Da'stanli'q shıg'armalar ha'r bir xali'q arasi'nda u'lкen wori'ndi' tutadi' ha'm кen' taralg'an кo'lemi jag'i'nan u'lкen, mazmuni' bay do'retpe boli'p esaplanadi'.

Da'stanli'q do'retpelerde ha'r bir xali'qti'n' wo'zgesheligi, wolardi'n' turmi'sli'q sharayatlari', wo'zgesheligi, кu'n кo'risi, milliy u'rp-a'detleri, da'stu'rleri xali'qti'n' jeкe minez-quli'qlari', wolardi'n' psixologiyasi', etnografiyasi' h.t.b. bir-birine uqsamaytug'i'n belgileri wo'z sa'wleneniwin tabadi'.

Sonday-aq da'stanli'q shıg'armalar tari'yxi'y waqi'yalardi', turmi'sli'q ma'selelerdi h.t.b. ko'rinislerdi de bere aladi'.

Da'stanli'q shıg'armalardi'n' xali'q arasi'nda tarali'wi'nda ji'raw-baqsi'lardi'n' qi'ssaxanlardi'n' worni' girewli. Sebebi, wolar u'lкen toy-mereкelerde, ji'yi'nlarda, u'lкen qurlarda azang'a sheкem ayti'p xali'qti'n' qulag'i'ni'n' quri'si'n qandi'rg'an, sol jerde barg'an ha'r bir adam sol da'standi' u'yrenip, bilim ali'wg'a ha'reкet yetip, ayi'ri'm qa'tiqulaq adamlar woni' yadlap alıwdi' кa'sip-кa'r yetкen.

Demeк ji’rawlardi’n’ worni’ wo’z da’wirinde ha’r bir xali’qti’n’ arasi’nda u’lкen a’hmiyetкe iye boli’p, xali’q awi’zeкi do’retpesi jazi’w si’zi’wdi’n’ rawajlanbag’an payi’ti’ndayaq xali’3 arasi’nda bolg’anli’g’i’ ta’biyiy.

Ji’raw ta’repinen ayti’lg’an, ayti’li’p ju’rgen da’stanlar xali’qqa xi’zmet yetiwge, si’rtqi’ jawlardan watandi’ qorg’awg’a, dosli’q mexribanli’qqa u’yretiw h.t.b.jaqsi’ qa’siyetler da’stan qaharmanlari’ni’n’ ha’reкetleri arqali’ beriledi.

Da’stanlar janrli’q jaqtan bir neshe toparlarg’a bo’linedi. Wolarda liriкali’3, epiкali’q, elementler aralas boli’p кeliwin prof. Q.Maqsetov wo’zinin’ «Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ кo’rкem do’retpeleri» degen miynetinde «Qaraqalpaq da’stanlarni’4 janrli’3 wo’zgesheliкlerine na’zer awdarg’ani’mi’zda, wolardi’ qaharmanli’3, ashi’qli’3, social turmi’sli’q ha’m tari’yxi’y da’stanlar dep boli’p, sha’rtli tu’rde to’rt janrg’a aji’rati’7 maqsetкe muwapi’q кeledi»[9] degen piкirdi aytadi’.

## I-Bap.

## Xatam-Tay da’stani’ni’n’ syujeti ha’m janrli’q wo’zgesheligi

Xatam-Tay da’stani’ wo’zinin’ mazmuni’ ha’m syujetlik du’zilisi jag’inan wog’ada qi’zi’q da’stanlardi’n’ qatari’na kiredi. Wondag’i’ tiykarg’i’ mazmun adamni’n’ ilimge, ag’arti’wshi’li’qqa talpi’ni’wi’n, bir so’zlilik, bati’rli’q si’yaqli’ qa’siyetlerdi,yerkin muhabbatti ji’rlaw boli’p tabi’ladi’.

D’astan folklorli’q do’retpelerge ta’n “buri’ng’i wo’tken zamanda, zamanni’n’ qa’dim waqti’nda si’yaqli’ da’stu’riy bayanlaw usi’li’

menen baslanadi’. Aqda’ryani’n’ boyi’nda, Aqmaq patsha yelinde Nayman degen bay boli’p, sol baydi’n’ Erg’ulan degen shopani’ boladi’. Erg’ulanni’n’ hayali’ Tolg’an boli’p, wol bir ku’ni ju’kli boladi’. Waqti’ jetip eki qi’z tuwadi’,birinin’ atin Tay,birinin’ ati’n Ay qoyadi’. Aradan waqi’t wo’tip ja’ne bir qi’zli’ boladi’. Woni’n’ ati’n Qumi’ri’ qoyadi’. Erg’ulanni’n’ u’sh qi’zi’ da bir-birinen wo’tken suli’w boli’p yerjete baslaydi’. Bir ku’ni aqsham waqti’nda Erg’ulan qi’zlari’ni’n’ wotawi’nda jaqti’ ko’redi, jaqi’nlap ser sali’p qarasa u’sh qi’zi’ni’n’ qoli’nda u’sh kitapti’ ko’redi. Bul jag’day dawam etip bara beredi. Bir ku’ni Erg’ulan qi’zlari’n aldi’na shaqi’ri’p wolardi’n’ ne menen shug’I’llani’p ju’rgenligi haqqi’nda soraydi’.

Sarg’ayi’p atadi’ ku’nde qa’dir tan’
Jaylari’n’ jaqti’di’ ha’r ku’n qarasam
Kitap berip sabaq ayti’p sizlerge
Belgisin ayt,balam,woni’n’ qay adam?

Bul so’zdi yesitip qi’zlari’ “woqi’w,bilim adamzatqa baxi’t keltiredi. Perilerdin’ patshasi’ jarli’li’g’i’mi’zg’a rehimi kelip bizlerge sabaq beriw ushi’n ha’r ku’ni u’sh molla jiberedi, bizler wolardan ilim bilim si’rlari’n u’yrenip ati’rmi’z”- dep juwap beredi. A’kesi Erg’ulan qi’zlari’ni’n’ aqi’lli’ woqi’wg’a degen i’qlasi’n ko’rip quwanadi’ ha’m wolardi’n’ woqi’wi’na ruxsat beredi. Biraq qi’zlari’ mollalardan si’yqi’rlaw si’rlari’n u’yrenip duwaxan boli’p shi’g’adi’.

Arshali’ni’n’ boyi’nda, Quwsi’ri’q degen yelde Alawiddin ismli g’arri’ jasi’na shekem u’ylenbegen si’qi’lsi’z molla boli’p, wol Erg’ulanni’n’ qi’zlari’ni’n’ ta’riypin yesitip si’rti’nan ashi’q boladi’.

Yeli-xalqi'n shaqi'ri'p sawshi'li'qqa kim baratug'i'nli'g'i' haqqi'nda ma'slahat wo'tkeredi. Buni' yesitip Aqay menen Jaqay degen yeki biy Erg'ulanni'n' u'yine sawshi'li'qqa keledi ha'm Erg'ulang'a kelgendegi niyetin bildiredi. Buni' yesitip Erg'ulan quwani'p qoya beredi ha'm qali'n' mali'na bir wo'giz, alti' sawi'n si'yi'r, bir jorg'a, ju'z tilla beriwi kerekligi ha'm qi'zi' Taydi' qi'mbat baha hasi'l kiyimler menen kiyindiriwi kerekligin aytadi'. Alawiddin molla buni' yesitip quwani'p ketedi ha'm Erg'ulanni'n' aytqanlari'n wori'nlap, qi'zdi'n' qarsi'lig'i'na qaramay Taydi' uzati'p aladi'. Tay aqi'lli' yedi, wol mollani'n' dunya mali'na qi'zi'qpaydi' ha'm yerkin bermeydi, mollani' jani'na jaqi'nlatpay woni' bar ku'shi menen sabaydi'. G'arri molla Tayg'a ku'shi jetpeydi ha'm tan' atqannan son' Taydi'n' razi'li'g'i'n sorap wog'an jali'nadi'. Tay mollag'a' "sag'an tiygenshe tog'aydag'i' maymi'lg'a tiygenim jaqsi"- dep juwap qaytaradi'. Bul ga'pti yesitken molla qa'ha'ri kelip kitaplari'n ashi'p, tu'rli duwa woqi'p tog'ayg'a ketedi ha'm bir maymi'l uslap ali'p keledi de qi'z benen maymi'ldi' bir xanag'a qamaydi'.

Aradan waqi't wo'tip Tay ju'kli boladi', buni' ko'rip molla quwanadi'. Tay mollanin' kitaplari'n ashi'p qarasa maymi'l menen adamnan do'regen balani' tuwi'la sala bir wo'giz benen qosi'p bir tu'n qaynatsa alti'ng'a aylanatugi'nli'gi' haqqi'nda jazi'lg'an yeken. Buni' woqi'p Tay qi'ynali'p ji'laydi', biraq mollag'a qarsi' hesh na'rse qi'la almaydi'. Bir ku'ni Taydi'n' waqti' jetip balali' boladi', biraq reyimsiz, jawiz molla balani' ali'p bir wo'giz benen qosi'p qazang'a sali'p jiberedi. Sol waqi'tta bir janazag'a bari'wi' kerek boli'p xizmetker kempirdi ali'p kelip "qazannan hesh kim duz tatpasi'n" dep tayi'nlap

ketedi. Biraq molla sol ku’ni jetip kele almaydi’ ha’m xizmerker kempir tu’nde ash boli’p, yeki sho’rek penen bir tabaq sorpani’ iship aladi’ ha’m sol waqi’tti’n’ wo’zinde alti’ng’a aylani’p qaladi’.

Bul ahwaldi’ ko’rgen Tay kempirdi arshag’a sali’p “molladan wo’shimdi alatug’i’n boldi’m”- dep quwani’p, mollani’ ku’tip woti’ra beredi. Yerten’ine molla kelgen waqi’tta Tay wog’an qazannan toyi’p sorpa iship ali’wi’ kerekligin, sonda wog’an tiyiwge razi’ bolatug’i’nli’g’i’n aytadi’. Molla bul ga’pti yesitip quwang’ani’nan qazannan bir tabaq sorpa ali’p ishedi ha’m sol waqi’tta alti’ng’a aylani’p qaladi’. Tay qi’z buni’ da arshag’a sali’p bekitip,molladan wo’shin alg’anli’g’i’na quwani’p, woni’n’ dunya-mu’lkine iyelik yetip jasay beredi.

Aqda’ryani’n’ arqasi’nda Gu’rshit degen baydi’n’ Arti’w degen shopani’ boladi’. Ku’nlerden ku’n wotip woni’n’ hayali’, wo’zi izli-izinen dunyadan wo’tedi. Sol shopanni’n’ Xatam degen balasi’ boli’p,wol ku’shli,aqi’lli’ boli’p yerjetedi. Bir ku’ni wol baydi’n’ balalari’ menen kelise almay yelden bas ali’p shi’g’i’p ketedi ha’m ko’p jol ju’rip Taydi’n’ wotawi’na dus keledi. Tay qi’z woni’ miyman yetip ku’tedi, al Xatam bolsa qi’zdi’n’ go’zzalli’g’i’n ko’rip ashi’q boli’p qaladi’. Tay wog’an bolg’an waqi’yalardi’ ayti’p beredi ha’m basi’ni’n’ ashi’q yekenligin bildiredi. Xatamni’n’ ashi’qli’g’i’n yesitip bir sha’rtim bar:”basi sa’wir izi wayran”degen jumbaqti’n’ juwabi’n tawi’p kelsen’ sag’an tiyiwge razi’ bolaman” dep juwap qaytaradi’. Xatam bug’an razi’ boli’p jaw-jarag’i menen jolg’a atlanadi’.

Ko’p ku’n jol ju’rip bir aq wotawg’a dus keledi ha’m wotaw iyesi aq saqalli’ g’arri’dan bir ku’n miyman boli’wdi’ wotinish yetedi,

g’arri’ miyman ku’tiw mu’mkinshiligi joq ekenligin aytadi’. Xatam ashi’wlani’p jol jurip ketedi, yekinshi wotawg’a dus keledi, bul wotaw iyesi de miyman ku’te almaytug’i’nli’g’i’n aytadi’ ha’m aldi’n’nan Menlik degen menin’ ag’am shi’g’adi’, bir ku’tse sol ag’am miyman ku’te aladi’- dep qala beredi. Aytqani’nday Menlik g’arri’ Xatamdi’ ko’rip shaqi’radi’ ha’m jaqsi’lap, to’rine woti’rg’i’zi’p woni’ ku’tedi. Xatam bul hu’rmetke kewli toli’p, jolda ko’rgenlerin yeki g’arri’g’a dus kelip yekewi de qonaq almag’anli’g’i’n aytadi’. G’arri’ bul ga’plerdi yesitip “wolar menin’ inilerim boladi’, yekewinin’ de hayallari’ jaqsi’ yemes, biylik hayallari’nda, hayallari’ qonaq alg’izbaydi’, sol ushi’n da wolar seni ku’te almaytug’i’nli’g’i’n aytqan”- dep juwap beredi.

Bunnan son’ Xatam jolg’a shi’qqandag’i’ maqsetin aytadi’, g’arri’ wog’an Suymuri’q qusqa jetsen’, jumbaq sonnan sheshiledi”- dep Xatamdi’ jolg’a atlandi’ri’p jiberedi. Ko’p ku’n jol ju’rip g’arri’ aytqan jerge jetip keledi ha’m Suymuri’q qusti’ baqlap jati’rg’an da’wperilerdi jen’ip, Suymuri’qti’n’ teregine baradi’. Barsa Suymuri’q joq, balalari’n aydarha jeyin dep ati’rg’an boladi’ ha’m Xatam aydarhani’ wo’ltirip wolardi’ wo’limnen qutqaradi’. Suymuri’q Xatamni’n’ bul jaqsi’li’g’i’ yesesine wog’an ja’rdem beredi. Jumbaqti’n’ juwabi’n tabi’w ushi’n Bati’rxanni’n’ yeline bari’wi’ kerekligi ha’m woni’n’ sarayi’ndag’i’ tutqi’nda turg’an kepterdin’ wo’mir bayani’n sorap biliwi kerekligin, sonda g’ana jumbaqti’n’ juwabi’ tabi’latug’i’nli’g’i’n aytadi’.

Xatam Suymuri’qti’n’ tayi’nlag’ani’nday Bati’rxan sarayi’na da’rwish boli’p baradi’ ha’m bir ku’n miyman boli’p, diywalda

baylawli’ turg’an kepterdin’ tari’yxi’n soraydi’. Bati’rxan ”womirin’nen keshsen’ aytaman” -deydi, Xatam razi’ boladi’. Bati’rxan bir waqi’tlari’ bir yeldin’ sultani’ bolg’an yeken, hayali’ ha’m balalari’ qaza boli’p, bul azapti ko’tere almay wo’zindey hayali’ ha’m balalari’nan ayri’lg’an Taymas atli’ dosti’si’ menen da’rwish boli’p jolg’a shi’g’adi’ ha’m bayag’i’ Erg’ulanni’n’ wotawi’na dus keledi. Erg’ulan wolardi’ si’ylap ku’tedi, al qi’zlari’ Ay ha’m Qumi’ri’ wolardin’ xizmetinde boladi’. Qi’zlari’ni’n’ suli’wli’g’i’na tan’ qalg’an Bati’rxan ha’m Taymas wolarg’a ashi’q boli’p qaladi’ ha’m ko’p dunya mal menen hayalli’qqa aladi’. Bir ku’ni Bati’rxan aqsham waqti’nda hayali’ni’n’ a’ste qoyni’nan shi’g’i’p barati’rg’anli’g’i’n ko’redi, izinen bildirmey baqlaydi’, qarasa wol ja’ne bir hayal menen jiyde terek tu’binde ushi’rasadi’ ha’m hap zamatta ushi’p bir sarayg’a keledi. Ay saray patshasi’ menen, Qumi’ri’ wa’ziri menen waqti’xoshli’q qi’li’p, toy-tamasha wo’tkeredi. Ay menen Qumi’ri’ Bati’rxan menen Taymasqa qi’yanet yetip, wolardi’n’ ko’zine sho’p saladi. Bul waqi’yalardi’ Bati’rxan wo’z kozi menen ko’redi ha’m qatti’ g’a’zeplenedi, biraq izi ne bolar yeken dep baqlap turadi. Sol waqi’tta saray patshasi’ ”bizlerdi nekelep qoyatug’i’n g’ayri’ dinnen adam barma?”-dep wolardi’ nekelep qoyi’wdi’ buyi’radi’ ha’m birden Bati’rxanga ko’zi tu’sedi de ”nekemizdi qi’y”-dep buyi’radi’.

Bati’rxan sharasi’z halda saray patshasi’ Qati’rang’a wo’z hayali’ Aydi’, wa’zirine qa’dirdan dosti’ Taymasti’n’ hayali’ Qumi’ri’ni’ nekelep beredi. Xan kewili toli’p yari’m la’gen tilla menen bir alti’n bilezikti beredi. Xatam da’rhal bildirmesten bayagi’ jiyde terektin’

asti'na bari'p turadi', al Ay menen Qumi'ri' kelip jiyde terekke miniwi menen ha'p zamatta ushi'p yeline keledi. Bati'rxan hayali'nan buri'n u'yine kelip, bildirmey ko'rpesine kirip jatadi, Ay bolsa hesh na'rse bolmag'anday Bati'rxanni'n' qushag'i'na kirip jatadi'.

Tan' ati'wi' menen Bati'rxan hayali'n jaqsi' so'zler menen yerkeletip woyatadi' ha'm da'sturxan basi'na kelgennen son' bolg'an waqi'yalardi' ko'rgenligin ha'm ne ushi'n qi'yanet islegenligin, wolardi'n' kim yekenligin soraydi' da qa'ha'rlenip qi'li'shi'n ali'p hayali'n wo'ltireyin dep ati'rg'anda hayali' tu'siniksiz bir so'zlerdi ayti'p, gu'birlenip "sup"degen waqi'tta Bati'rxan iytke aylani'p qaladi'. Ay xizmetkerlerine "sarayg'a iyt kiripti, woni' da'rhal wo'ltirin"-dep buyi'radi' . Bati'rxan jan halatta qashi'p quti'li'p Taymasti'n' u'yine baradi', baldi'zi' Qumi'ri' wog'an juwi'ndi'si'n beredi, juwi'ndi' iship u'yrenbegen xan woni' ishpeydi. Qumi'ri' hayran boli'p wog'an nan beredi, ash bolg'an Bati'rxan baldi'zi'ni'n' bergen nani'n jep wog'an jali'ni'shli' ko'zleri menen qaraydi. Qumi'ri' menen Taymas iyttin' Bati'rxan yekenligin an'laydi' ha'm woni' duwa woqi'p adamg'a aylandi'radi'. Qumi'ri' Bati'rxanni'n' qoli'ndag'i' alti'n bilezikti ali'p shi'gi'p ketedi. Bati'rxan darhal ko'rgenlerin Taymasqa bayanlap bul jerlerden tezirek bas ali'p ketiwi kerekligin ayti'p, yekewi yelden shi'gi'p ketedi. Ko'p jol ju'rip jawgershilikten qi'ynali'p woti'rg'an bir yelge dus keledi. Bul yelge ja'rdem beriwge qarar qi'ladi' ha'm yeldi jawdan azat yetedi. Minnetdarshi'li'q retinde bul yeldin g'arri' patshasi' taj-taxti'n Bati'rxang'a tapsi'radi' ha'm wo'zinin' qi'zi'n Bati'rxang'a, wa'zirinin' qi'zi'n Taymasqa nekelep beredi.

Yeki dos wo’z su’yiklileri menen shadixorramli’qta jasap ati’rg’an ku’nlerdin’ birinde Bati’rxan menen Taymas aspanda yeki aq qus penen yeki qara qust’in’ ayqasi’p ati’g’anli’g’i’n ko’redi. Birazdan son’ bir aq qus jerge tu’sip jaralang’an halda wo’ledi, yekinshisi azg’ana jaraqatlani’p jerge tu’sedi. Sol waqi’tta yeki qara qus silkinip biri Bati’rxanni’n’ hayali’na, yekinshisi Taymasti’n’ hayali’na aylanadi’ ha’m wolar wo’lgen aq qus Qumi’ri’, jaradar aq qus Ay yekenligin aytadi’. Sonnan berli sol jaradar aq kepter diywalda qi’lg’an gu’nalari’ ushi’n azapta turar yedi. Bul hikayani’ tamamlag’annan keyin Bati’rxan Xatamg’a “basi’ sa’wir izi wayran”- degen Taydi’n’ jumbag’i’ni’n’ juwabi’ usi’ yag’ni’y sa’wir degen jag’i’mli’ samal boladi’, biraq wol ayni’sa barli’q jerdi wayran qi’ladi’, tap sonday jaqsi’ adam ayni’sa Ay qi’zday wayran boladi’. Tay soni’n’ ushi’n sin’lilerinin’ amanli’g’i’n biliw ushi’n bul jumbaqti’ aytqan, yendi sha’rtimizge ko’re seni wo’ltiremen-deydi. Xatam meyli, biraq wo’lmesimnen aldi’n da’ret ali’p wo’leyin dep quman aldi’rtadi’ ha’m da’ret alayi’n dep ati’rg’anday shapani’n jawadi’ da Suymuri’qti’n’ pa’rin tu’tendiredi. Suymuri’q da’rhal jetip kelip woni’ qutqaradi’ ha’m Xatam Taydi’n’ sha’rtin wori’nlap, murat-maqsetine jetedi.

Xatam-Tay da’stani’ni’n’ qi’sqasha syujeti usi’layi’nsha wo’z sheshimin tabadi’. Biz bul jumi’si’mi’zda da’stanni’n’ syujeti menen birge woni’n’ janrli’q wo’zgesheligi, obrazlar dunyasi’ ha’m uli’wma ko’rkemlik wo’zgesheligi haqqi’nda so’z yetiwdi aldi’mi’zg’a maqset yetip qoyg’an yedik. Sol maqsetimizge tiykarlang’an halda da’stanni’n’ janrli’q wo’zgesheligi haqqi’nda so’z yetemiz.

## II-Bap

## Xatam-Tay da’stani’ni’n’ obrazlar dunyasi’ ha’m ko’rkemlik wo’zgesheligi

Xatam-Tay da’stani’n janrli’q wo’zgesheligi boyi’nsha analizlep qarag’ani’mi’zda woni liro-epikali’q da’stan dep atag’ani’miz maqul boladi’. Sebebi, da’standa su’wretlengen waqi’yalar tiykari’nan suygen yari’na jetisiw joli’nda yag’ni’y Xatamni’n’ Taydi’n’ muhabbati’na yerisiwi ushi’n ko’rsetken qaharmanli’qlari’ tiykari’nda so’z yetiledi. Xatamni’n’ dushpang’a qarsi’ gu’resleri u’ken xali’qli’q a’hmiyetke iye yemes, woni’n’ gu’resleri su’ygen yari’na jetisiw maqsetinde ali’p bari’lg’an gu’resler yedi. Da’standa muhabbatta sadi’qli’q, bir so’zlilik, yerkinlikke umti’li’w si’yaqli’ ideyalar ko’terilgen.

Qaraqalpaq da’stanlari’nda qaharmanli’q da’stanlari’nda bolsi’n, liro-epikali’q da’stanlari’nda bolsi’n ayri’qsha ko’zge taslanatugi’n motivlerdin’ biri tu’sinde bolajaq yari’n ko’rip wog’an ashi’q boli’w si’yaqli’ ko’rinisler ushi rasadi’. Bul da’standa usi’ tu’s ko’riw motivin ushi’ratami’z. Bunda Xatam Taydi’n’ wotawi’na bari’p tillesken waqti’nda Xatam woni’ tu’sinde ko’rgenligin ha’m ashi’q bolg’anli’g’i’n aytadi’.

Gu’rshittin’ jurti’nda men boldi’m shopan
Ati’mdi’ sorsan’I’z bolarman Xatam
Tu’simde ko’rgenmen sendey ari’wdi
Neshe waqtan beri sag’an ashi’qpan.

Soni’n’ menen birge Bati’rxan menen baylani’sli’ waqi’yalarda da ashi’qli’q ha’m muhabbatqa qi’yanet ma’selesi so’z yetilgen.Ay menen

Qumirinin’ qi’yanetleri dastandagi’ tiykarg’I’ waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’nda a’hmiyetli boli’p,bas qaharmanlardi’n’ ishki dunyasi’n ashi’p beriwde belgili darejede woz ta’sirin tiygizgen.

Da’stan syujeti yerteklik syujette berilgen boli’p,yerteklerge ta’n bolg’an ko’p g’ana fantastikali’q su’wretlewlerdi ushi’ratami’z. Alawiddin mollani’n’ ha’m xizmetker kempirdin’ alti’nga aylani’wi’ epizodi’nda yerteklerge ta’ su’wretlewler wori’n alg’an.

Toyi’p ali’p bul kempir
Tabaqti’ qoyar waqti’nda
Womalani’p quladi’
Kitaptag’i’ duwadan
Kempir alti’n boladi’
Shi’radayi’n jalti’rap
Bir jaqti’li’q ko’rindi
Tay qi’z turi’p qarasa
Ko’p qi’zi’qqa batadi’
Wot jaqqi’sh bolg’an bul mama
Woshag’i’ni’n’ qasi’nda
Alti’n boli’p jatadi’
Ko’terip ali’p bul Tay qi’z
Arshani’ ashi’p sol waqta
Kempirdi tikke saladi’
Tabaqta alti’n boladi’.(220-bet)

Al,Bati’rxanni’n’ iytke,Ay menen Qumiri’ni’n’ kepterge aylani’wi’ da fantastikaliq tu’rde su’wretlengen.Bul qubi’li’slar Batirxanni’n’ tilinen bayanlanadi’.

Ishim wottay janadi’
Yeki ko’zim taladi’
Qilish tu’sip qoli’mnan
Salpi’ qulaq bir ko’pek
Iyt boli’p sonda men qaldi’m.
Iyt keldi dep wol Ay qi’z
Wo’ltirin’ da’rriw buni’ dep
Shawqi’m Sali’p baqi’rdi’
Du’rlep kelip adamlar
Bir-birewin shaqirdi’
Birew kesek uradi’
Birew tayaq uradi’
So’yleyin desem tilim joq
An’-tan’ boli’p si’nsi’lap
Din’kem a’bden quri’di’.

Soni’n’ menen birge Suymuri’q qus obrazi’ da yerteklerde ushi’rasi’wshi’ obraz. Bul qus obrazi’ miyrimlilik,danali’q, jaqsi’li’qti’n’ simvoli si’pati’nda sa’wlelengen.

Wozin’ ko’rgen g’osh jigit
Wol terektin’ u’stinde
Wol uyani’n’ ishinde
Sa’lem berdi Suymiriqqa
Adamdayin bul suymir
Sa’lemin a’lik aladi’
Tap bir ana baladay
Boli’p yendi bul Xatam

Sadi’-shadi’man boladi’
Ha’r tu’rli tariyxtan
Xatam juwap soradi’
Juwabi’ni’ beredi.

Xatamni’n’ Bati’rxan sarayi’ndag’i’ Suymi’riq qusti’n’ pa’rin tu’tendirip woni’ jardemge shaqi’ri’wi’ epizodi’ xali’q awizeki do’retpelerinin’ biri yerteklik syujet tiykari’nda su’wretlengen.

Da’standagi’ usi’ si’yaqli’ mifologiyali’q,fantastikali’q syujetler jaqsi’li’qti’n’ jamanli’q u’stinen jen’iske yerisiwi,hadalli’qti’n’ haramli’qtan u’stin turi’wi’ si’yaqli’ tu’siniklerdi an’lati’wi’ menen birge, Xatam ha’m Tay obrazlari’ni’n’ ken’ tu’rde ashi’p beriliwinde u’lken a’hmiyetke iye yedi.

Soni’n’ menen birge bul da’standa shan’araqtag’i’ awi’zbirshilik, tati’wli’q ma’selesi haqqi’nda da so’z yetilgen boli’p,”yerdin’ ati’n hayal shi’g’aradi’” degen danali’q so’zdin’ turmi’sta qanshelli da’rejede a’hmiyetli yekenligi wo’z tasti’yi’g’in tabadi’. Bul ideyag’a baylani’sli’ waqi’yalar Xatamni’n’ jolda qudayi’ qonaq boli’wi’na baylani’sli’ epizodlarde su’wretlenedi. Menlik g’arri’ni’n’ yeki inisi de hayallari’ni’n’ aqi’lsi’zli’g’i’li’g’i’ sebepli qonaq ku’tiwge wo’zlerinde yerk-i’qrari’ bolmaydi’.

Aq quwdayi’n tarang’an
Menin’ genje inimnin’
Wol wotawi’ boladi’
Woni’n’ ati’ Tan’qi’sti’
Qati’ni’ bar jaramsi’z
Inim so’ylegen waqti’nda

Awzi’n juli’p aladi’
Eger saqli’li’q qi’lsa
Man’layi’na saladi’
Su’ygeni menen ha’z qosi’p
Bilgenin qi’ladi’
So’ylese so’zi shayaday
Betin’nen juli’p aladi’
Barg’an qonaq jaqpasa
Qara ku’ndi saladi’

Mine bul su’wretlewlerden aq ko’rinip turg’ani’nday Tan’qi’sti’n’ hayali’ si’yaqli’ aqi’lsi’z,woshag’I’ni’n’ bereketin qashi’ratug’I’n biyhaya hayal yerdin’ qa’ddin bu’gedi.Bunday obrazlar turmi’sta ushi’rasi’wi’ mu’mkin ha’m ta’rbiyali’q jaqtan a’hmiyetliligi menen xarakterlenedi.

Joqari’da keltirgen pikirlerimizdi analizlegen halda Xatam-Tay da’stani’nda turmi’sli’q ma’seleler so’z yetilgenligine qaramastan wondagi’ waqi’yalar ha’m qaharmanli’qlar Xatamni’n’ Taydi’n’ muhabbati’na yerisiwi joli’nda boli’p wo’tkenligi ushi’n da’standi janrli’q wo’zgesheligi jag’i’nan ashi’qli’q yag’ni’y liro-epikali’q da’stanlar qatari’na kirgizgendi maqul ko’rdik. Da’standa su’ygen yarg’a wopadarli’q, wo’z ten’ine qosi’li’wg’a ha’m yerkin muhabbatqa umti’li’w ideyalari’ alg’a su’rilgen. Bul pikirimizdi usi’ bo’limde ko’rkem tekstten u’zindiler keltirgen halda da’liyllewge ha’reket qildi’q.

Da’standa sa’wlelengen ko’rkem obrazlar da h’am turmi’sli’q ha’m qaharmanli’q xarakterge iye boli’p, keyingi bo’limde ko’rkem obrazlar dunyasi’na analiz jasawdi’ maqset yettik.

Xatam-Tay da’stani’ni’n’ bas qaharmanlari’nan haqqi’nda so’z yetkende yen’ da’slep Xatam obrazi’ni’n’ wo’zgesheliklerine toqtap wo’tpekshimiz. Xatam obrazi’ ma’rt, bati’r, jigerli, kelisken ha’m aqi’lli’ obraz si’pati’nda ko’zge taslanadi’. Woni’n’ yerlikleri Taydi’n’ muhabbati’na yerisiwi joli’ndag’i’ epizodlarda ko’rinedi. Wol Tayg’a yerisiw ushi’n qa’weterli ha’m mashaqatli’ joldi’ wo’zinin’ bati’rli’g’i’, aqi’lli’li’g’i’ menen basi’p wo’tedi. Wol jaslay jetim boli’p qali’wi’na qaramastan bir so’zli, ma’rt, a’dep-ikramli’ boli’p kamalg’a keledi.

Xatam degen xosh jigit
Kirdi jigirma beske
Wo’zi boldi’ ma’rt-palwan
Wo’zi boldi’ ha’m bati’r
Basshi’ boli’p shopanlarg’a
Quwati’ni’n’ arqasi’nan
Ko’re berdi ra’ha’tti
Xarkop baydi’n’ ballari’
Minip keldi jaqsi’ atti’
Woyi’n,woyi’n-woyi’nnan
So’ytip gu’res tuwadi’
Baydi’n’ ku’shli ballari’n
Xatamdayi’n xosh jigit
I’laqti’ri’p ji’g’adi’
U’stindegi kiyimin
Wolardan tarti’p aladi’

Mine bul su’wretlewler Xatam obrazi’ni’n’ bati’rli’g’i’nan derek beredi. Xatamni’n’ a’dep-ikramli’li’g’i’ woni’n’ Suymuri’q qus penen

doslasi'wi' ha'm Menlik g'arri' menen sa'wbetlesiwi epizodlari'nda ko'rinedi.

Al,Tay obrazi' bolsa da'standa go'zzal, aqi'lli', wo'ner-bilim, ag'arti'wshi'li'qqa umti'li'wshi', yerkin muhabbatti barli'q na'rseden joqari' bahalawshi' obraz si'pati'nda sa'wlelengen. Woni'n' go'zzalli'g'i'ni'n' ta'riypi putkil yelge taraladi'.

Tay qizi menen Ay qi'zi'
Qumi'ri' menen qosi'li'p
Tal jipektey yesilip
Adi'mi'n bir-bir basi'p
Ko'zin su'zip qasi'n qag'i'p
Ko'rgennin' aqi'li'n aladi'
Gu'ldey boli'p worali'p
Qi'lday beli burali'p
Jaqsi' so'zdi yesitip
Qi'zlar a'bden jasnadi'

Tay peri kibi go'zzal boli'wi' menen birge ilim-bilim iyelewge, xat sawat tani'wg'a ha'm o'mirden o'zine i'layi'qli' wori'n tabi'wg'a umti'ladi'.

Jan atajan,aytar sag'an arzi;m bar
Jaqsi' so'zge adamiyzat quwanar
Woqi'masa bul ja'ha'nde adamzat
Ku'ni wo'ter miynet penen qayg'I' zar

Adam toymas jalg'anshi'da bilimnen
Woqi'mag'an ayri'lmaydi' zuli'mnan

U’shewimiz birge bari’p kelemiz
Wolar hasla ju’rmes shaytan joli’nan

Adam bolsi’n bul ja’ha’nde sawatxan
Bul jollarda jaqsi’li’q bar jol taman
Ha’r sumli’qti’ keltirmegil kewlin’e
Iygilikke qi’ynalman’I’z atajan

Mine Tay ta’repinen ayti’lg’an bul so’zler woni’n’ aqi’lli’li’gi’nan derek beredi. Woni’n’ bul so’zleri didaktikali’q mazmung’a iye boli’p woqi’wshi’ni’ waqi’tti’ bosqa wo’tkermey bilim ali’wg’a, sawatli’ boli’wg’a ha’m tek g’ana bilim arqali’ barli’q qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’ip wo’tiw mu’mkinligin u’yretedi.

Wol tek g’ana bilimli boli’p qalmastan adamzatti’n’ yerkinligin joqari’ bahalawshi’ obraz si’pati’nda sa’wlelenedi. Buni’ Tay menen Alawiddin molla arasi’ndag’I’ qatnastan ko’riwimizge boladi’.

Ashi’q bolg’an yar miyrine qanadi’
Yar joli’nda jani’n wotqa saladi’
Ladan bolma bul dunyada sen molla
Sekilin’e qanday adam qaraydi’

Qi’z da bolsa saltanatli’ to’remen
Yar da’rtinen ku’nde jani’p ku’yemen
Adam ji’rtqi’sh haywanlardi’n’ birine
Sag’an barg’ani’msha sog’an tiyemen

Da’standag’i’ Qumi’ri’ ha’m Ay obrazlari’ arqali’ biz muhabbatqa qi’yanettin’, haramli’qti’n’, jawi’zli’qti’n’ hesh qashan pa’klik, hadalli’q ha’m adamgershilikten u’stem bola almaytug’ni’n an’laymi’z. Wolar wo’zlerinin’ aqi’lsi’zli’gi’ ha’m iymansi’zli’g’I’ sebepli wo’mirden wo’z joli’n duri’s tan’lay almaydi’ ha’m gu’nalari’na jarasa wo’z jazalari’n aladi’. Al, Alawiddin mollla bolsa si’yqi’ kelispegen ba’dba’sher, iymansi’z, jawi’z ,zuli’m obraz si’pati’nda su’wretlenedi. Alawiddin molla obrazi’ wo’zinin’ unamsi’z qa’siyetlerine say da’stu’riy su’wretlew usi’li’nda yag’ni’y si’rtqi’ ko’rinisi de ishki dunyasi’ si’yaqli’ ko’rimsiz tu’rde su’wretlenedi.

Alawiddin atli’ wol molla
Bul dunyani’n’ ju’zinde
Nasharg’a so’zi wo’tpegen
Allag’a dadi’ jetpegen
Ko’rer ko’zge qorenishlew
Bi’di’m-bi’di’m betleri
Qus tu’tkendey yetleri
Kirpikleri jabaday
Awzi’ woni’n’ uraday
Saqallari’ soraday
Wo’zi qara ko’zi ko’k
Mollali’qtan kewli toq
Ayri’lg’an yedi iymannan
Iymansi’zli’q sebebinen
Ko’p dunyani’ ji’ynag’an
Wo’zi qa’dirsiz bolsa da

Jamanli’qti’ qoymag’an.

Da’standag’i’ Bati’rxan obrazi’ ma’rt, bati’r ha’m a’dil patsha obrazi’ si’pati’nda su’wretlenedi.Woni’n’ bati’rli’g’i’ Taymas penen birgelikte Babaxanni’n’ jurti’n Abaxan a’skerlerinen qorg’ap, yeldi azat yetiw epizodlarinda ko’rinedi.

Ra’him yetpeydi qalmaqlar
Adamlardi’n’ sol waqta
Ko’zinen aqqan jasi’na
Buni’ ko’rip sol zaman
Atti’ saldi’m allalap
Yesabi’ joq ko’p la’shker
Neshshesi qashti’ qan ji’lap
Taymas ta qi’ldi’ g’ayratti’
men de qi’ldi’m g’ayratti’
Qalmaqlardi’n’ xanlari’
Shuwlap qashti’ dalag’a
Aq tuwlari’n qi’yratti’m
Ha’ser tawdan asqanman
Ga’wirin saylap sh ani’shqanman
Gu’wlep qashti’ qalmaqlar.

## Juwmaq.

Xatam-Tay da’stani’ “Qaraqalpaq folklori’” ko’p tomli’g’i’ni’n’ XVIII-tomi’nda berilgen boli’p, da’stanni’n’ qol jazbasi’ Qaraqalpaqstan filiali’ni’n’ qol jazbalar fondi’nda saqlanadi’. Da’stan 1956-ji’li’ Qurbanbay ji’raw ta’repinen jazi’p ali’ng’an boli’p, woni’n’ ko’lemi 4000 qosi’q qatari’ ha’m nasi’r so’zden ibarat.

Da’standag’i’ waqi’yalar yerteklik syujet usi’li’nda su’wretlengenligi menen wolardi’n’ tiykari’nda turmi’sli’q waqi’yalar so’z yetilgen. Ha’r bir insanni’n’ wo’mirde wo’z worni’n duri’s tan’lay ali’wi’, bilim ali’wi’, muhabbati’n’a sadi’q ha’m bir so’zli, wa’dege wopali’ insan boli’p jetilisiw qaysi’ da’wirde bolmasi’n turmi’sta u’lken a’hmiyetke iye. Adamzat baxi’t giltin tek g’ana bilimi, aqi’l-parasati’ ha’m a’dep-ikramli’li’g’i’ arqasi’nda tabi’wi’ mu’mkin. Bul pikirlerimizdi biz Xatam ha’m Tay, Bati’rxan, Taymas obrazlari’ tiykari’nda analizledik.

Kerisinshe wo’z na’psin ti’ya almag’an, mal dunya, bayli’qti’ insan wo’mirinen joqari’ dep esaplaytug’i’n, muhabbatqa qiyanettin’ juwapsi’z qalmaytug’I’nli’gi’, wolardi’ turmi’sti’n wo’zi jazalaytug’i’nli’g’i’ Ay ha’m Qumi’ri’, Alawiddin molla obrazlari’ arqali’ sa’wlelengen.

Xatam-Tay da’stani’nda bir Qatar tradiciyali’q momentler menen birge fantastikali’q elementler de wori’n alg’an. Xatamni’n’ Suymuri’q qusti’n’ balalari’n aydarhadan qutqari’wi’, qi’yi’n sharayatta qalg’anda Suymuri’qri’n’ pa’rin tu’tendirip ja’rdemge shaqi’ri’wi’, Alawiddin molla ha’m xizmetker kempirdin’ alti’ng’a aylani’wi’, Ay menen Qumi’rini’n’ bolsa jiyde terekke minip ushi’wi’, wolardi’n’ qusqa aylani’wi’, Bati’rxandi’ iytke aylandi’ri’wi’ si’yaqli’ syujetler

fantastikali'q tu'rde su'wretlengen. Bul fantastikali'q syujet bolg'anli'g'i' menen woni'n' tu'p-tiykari'nda turmi'sli'q ma'seleler yag'ni'y jaqsi'li'q penen jamanli'q, hadalli'q penen haramli'q, insandag'i' qanaat penen a'shko'zlik arasi'ndag'i' gu'res temasi' berilgen boli'p, barli'q waqi'tta jaqsi'li'q penen hadalli'qti'n' jawi'z niyetler u'stinen jen'ip shi'g'atug'i'nli'g'i' ko'rkem ta'rizde su'wretlengen. Bul fantastikali'q, mifologiyali'q syujetlerdin' barli'gi' bas qaharmanlar Xatam ha'm Tay obrazlari'n ha'r ta'repleme ken' ha'm yelede teren' ashi'p beriw maqsetinde berilgen.

Da'standa so'z etilgen basli' motivlerdin' biri i'shqi'-muhabbat ma'selesi boli'p, wonda sol zamang'a qarsi' yerkin muhabbat temasi' alg'a su'rilgen. Tay wo'zine ten' yemes Alawiddin g'arri'g'a ma'jbu'riy tu'rde uzati'lg'anli'g'I' menen wol an'satli'q penen wo'z yerkin bermeydi, yerkinlik ushi'n gu'resedi ha'm wo'zinin' aqi'l parasatli'li'g'I' menen jawi'zli'q u'stinen jen'iske yerisip wo'z su'ygenine jetisedi. Al, Xatam bolsa su'ygenine qosi'li'w maqsetinde ten'siz ku'shler menen ti'nbay gu'resedi, birneshe da'wperilerdi jen'ip,Suymuri'q qusti'n' balalari'n aydarhadan qutqaradi'. Suymuri'q qus penen dos boladi' ha'm woni'n' ja'rdemi menen Barsa kelmes, Zulmas sha'ha'rlerindegi qi'yi'nshi'li'qlardi' jen'edi. Bul qi'yi'nshi'li'qlardi'n' barli'g'i'n Taydi'n' muhabbati'na yerisiw ushi'n jen'ip wo'tedi. Bunday yerkin muhabbat temasi' ma'n'gi wo'lmes temalardan boli'p tabi'ladi'.

Qurbanbay ji'raw bul da'stani'nda bir so'zlilikti, bati'rli'qti', yerkin muhabbatti', adamni'n' ha'r qanday qi'yi'nshi'li'qlardi' aqi'l-parasati', bilimi arqali' jen'ip maqsetlerine jetetug'i'nli'g'i'n wo'zi

do’retken Xatam ha’m Tay obrazlari’ arqali’ ayqi’n sa’wlelendirip beredi.

Bul da’stanni’n’ bahali’li’g’i’ woni’n’ tek g’ana ideyasi’n’n’ ku’shliliginde boli’p qalmastan, ko’rkemliliginde de ani’q ko’rinedi. Wondag’i’ ko’p g’ana xali’qli’q ug’i’mlar, ko’rkem so’z dizbekleri, aqi’l woy juwi’rtatug’I’n qosi’q qatarlari’ woqi’wshi’ni’ yeriksiz wo’zine tartadi’. Sonli’qtan da Xatam-Tay da’stani’n ideya-tamatikali’q jaqtan ku’shli, ko’rkemliligi joqari’ da’stan si’pati’nda bahalaymi’z.

Bul da’standag’i’ bilim ha’m ilimdi ta’riyplew, muhabbatti’ uli’g’law, yeldi ardaqlaw, adamzattag’i’ jaqsi’li’q, hadalli’qti’ ko’terin’kilik penen ji’rlaw, sonday-aq din iyelerin a’shkaralaw siyaqli’ ideyalar xali’qli’q ko’z qarastan ji’rlani’wi’ menen bahali’.

Da’standa tiykari’nan turmi’sli’q ma’seleler so’z yetilgenligi menen bas qaharmanlar Xatam ha’m Tay arasi’ndag’i’ muhabbat basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Xatamni’n’ ko’rsetken yerlikleri, qaharmanli’qlari’ tiykari’nan su’yiklisi Tayg’a jetisiw maqsetinde boli’p wo’tedi. Soni’n’ ushi’n da da’standi’ liro-epikali’q da’stanlar qatari’na kirgizgenimiz duri’s boladi’ dep woylaymi’z.

Paydalang'an a'debiyatlar.


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, 1968.
2. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис, 1987.
3. Дәўқараев Н. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. Нокис. 1977.
4. Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. Қарақапақ фольклоры. Нөкис. 1979
5. Мақсетов Қ. Қарақапақ қаҳарманлық дәстаны «Қырық қыз». Нөкис, 1962.
6. Мақсетов Қ. Қарақапақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. Т. 1965.
7. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нөкис, 1992.
8. Сағыйтов И. Қарақалпақ халкының қаҳарманлық эпосы. Нөкис, 1986.